

Fatra tounen trezò

PWOJÈ SIPRAKLAJ

Jemima Morinvil & Laissa Moïse

@KeanUniversity @MITHaiti



Pou pwofesè a

Leson

- ✓ Pataje dyapo *Jesyon dechè solid* ak ti moun yo.
- ✓ Ankouraje elèv yo pou yo kreyatif nan reflechi sou fason yo ka fè siprasiklaj.
- ✓ Lè w fini, al fouye zo nan kalalou konsèp ki nan dyapo « Fatra tounen trezò ».

Pwojè

- ✓ Fè ti moun yo kolekte fatra ki resiklab oz alantou lekòl la oswa nan kominote yo epi fè yo fè yon pwojè siprasiklaj kote y ap sèvi avèk fatra *sèlman*.
- ✓ Fè yo ekri yon rapò pou yo prezante nan klas la. Rapò a dwe gen enfòmasyon sa yo ladan :
 - Ki kote yo te ranmase fatra a ?
Ki materyèl ki gen ladan ?
 - Ki jan ou te santi w lè w te kreye pwojè sa a ?
 - Ki jan sa ka benefisye ou menm ak kominote w la ?

« Siprasiklaj » egal :

Reyitalize objè oswa materyèl ke yo fin jete yon fason pou w kreye yon pwodui ki gen pi bon kalite oswa pi plis valè pase sa ki te la anvan an.

EGZANP / LIDE POU...



PLASTIK



MAMIT



VIT



PAPYE




GONM



BWA



RAD

The background features a vibrant, stylized tropical pattern with various leaves in shades of blue, teal, and brown. A white rectangular box with a thin brown border is centered on the page, containing text. Two black vertical bars are positioned above and below the box, resembling clips holding a page in place.

**KI LIDE OU KA BAY POU N
UTILIZE MATERYÈL SA YO POU
FÈ FATRA TOUNEN TREZÒ ?
(Ekri lide sa yo)**

PLASTIK



ANVAN



APRE



MAMIT

ANVAN



APRE



MAMIT (KONTINYE...)

ANVAN



APRE



VIT

ANVAN



APRE



VIDEYO POU VIT

(klike sou imaj yo pou jwe video)



PAPYE

ANVAN



APRE



KAWOTCHOU

ANVAN



APRE





KONTINYE...



SOULYE KAWOTCHOU !!!

RAD

ANVAN



APRE



BWA

ANVAN



APRE



Yon pwojè ou ka fè lakay ou





ANVAN



APRE!



ANVAN





APRE

POU KI SA LI ENPÒTAN
POU N APLIKE SIPRASIKLAJ
NAN PRAN SWEN FATRA ?



**Pi bon
anviwònman**



Mwens fatra



Pwofi



**Ankouraje
kreyativite**



Atire touris



Kreye travay

KÈK BENEFIS

Pou ki sa sa bon pou ou menm tou ?

Anseye kreyativite

Ankouraje aktivite siplemantè

Ede kominote a

Bay pwofi pou peye lekòl

Yon òganizasyon k ap ede nan bay pwofi :
<https://www.dowork.org/>

**Fatra ka tounen trezò. Epi tou
sa ka bay ENÈJI pou w itilize !**





Piwoliz

—
Jere fatra

Jere fatra ak piwoliz

- Piwoliz se yon pwosesis ki pèmèt fatra (kò òganik ki nan eta solid) pase nan yon transfòmasyon chimik/tèmik pou pwodui gaz sentetik
- Gaz sa a ap itil pou bezwen enèji anndan kay (tankou : fou, jeneratris, chofaj ak klimatizè) epi nan otomobil.



Fatra + Chalè = Enèji

- Fatra bezwen anpil chalè pou l dekonpoze epi pwodui gaz.
- Dekonpozisyon sa a dwe fèt san okenn prezans oksijèn.



Benefis (konvèti yon resous pou pwoteje yon resous)



- Nou ka kaba debwazman pandan n ap itilize mwens chabon
- Ekonomi peyi a ap fè pwogrè paske n ap ka enpòte mwens gaz
- Pwoteje sante nou epi ede anviwònman an.
- Peyi a ap vin pi bèl



Chwazi yon objè ou ka itilize pou piwoliz

Plastik



Wòch



Metal



Chwazi yon objè ou ka itilize pou piwoliz

Bwa



Mòso boutèy



Katon





Kesyon / Brase lide

Aprè w fin chwazi objè pa w la, reponn kesyon sa yo :

- Pou ki sa se objè sa a ou chazi ?
- Ki objè ou pa kapab itilize pou piwoliz ?
- Ki lòt objè ou panse ki t ap bon pou piwoliz ?
- Pou ki sa piwoliz enpòtan ?



Mèsi!
